

Tèm 7 – That Toad Is Mine ----- Krapo sa a se pa m

De zanmi ki renmen menm bagay. Yo gen yon bisiklèt, yo tou de jwe avè l. Yo gen yon sache sirèt, yo separe l. Si yon sèl sirèt rete, yo koupe l an de mòso. Yon jou, yo wè yon gwo krapo nan lari a. Yo tou de vle krapo a. Yo pa ka antann sou kijan pou pataje krapo a. Pandan y ap diskite, krapo a tou sote, li ale. De ti gason yo fache, youn panse se fòt lòt la ke krapo a ale. Yo tonbe choute wòch nan lari a. Pandan setan, yo realize se pa fòt pèsòn ke krapo a ale. Tan pou yo rive lakay yo, yo vin byen tankou de bon zanmi ankò.

Premye jou: Nan bwat adwat la, fè foto de bon zanmi yo kap jwe. Nan bwat agoch la, fè foto de zanmi yo kap monte bisiklèt. Ekri yon ti mo anba chak foto yo.

--	--

Dezyèm jou: Reli istwa a epi reponn keksyon sa yo.

1. Ansèkle pwoblèm ki gen nan istwa a.
 - a) De zanmi yo fache paske youn pouse lòt
 - b) Zanmi yo fache paske tou de vle krapo a
 - c) Zanmi yo fache paske manman yo di yo ale dòmi

2. Ansèkle fraz ki montre kijan yo rezoud pwoblèm nan.
 - a) Manman yo fè yo anbrase.
 - b) Papa yo fè yo pa fache
 - c) Yo realize yo pa ka rete fache pou lontan

3. Yon lòt non pou krapo se:
 - a) Koulèv
 - b) krab
 - c) grenouy

4. Fini Fraz sa a:

Mwen ta renmen pou de zanmi yo _____
